# Мойнақ районына жаңа ҳәким тайынланды

Image not found or type unknown

Бүгин, 7-март күни халық депутатлары Мойнақ районлық Кеңесиниң гезексиз қырық биринши сессиясы болып өтти. Сессияда шөлкемлестириў мәселеси қаралды.

Сессия күн тәртибине муўапық, бүгинги күнде район ҳәкими болып ислеп атырған Е.Еденбаевтың басқа жумысқа өтиўине байланыслы район ҳәкими лаўазымына Менглибеков Бахтыяр Бекмурзаевичти тайынлаў мәселеси көрип шығылды.

Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы
81-статьясының 6-бәнтине муўапық, Мойнақ районының ҳәкими лаўазымына Менглибеков Бахтыяр Бекмурзаевич тайынланды.

Сессияға Қарақалпақстан Республикасы Жоқарғы Кеңесиниң Баслығы М.Камалов қатнасты.